



ASSESMEN SUMATIF AKHIR SEMESTER (ASAS)
MADRASAH ALIYAH PERSIS 165 ARJASARI
TAHUN AJARAN 2025-2026



Mata Pelajaran : Bahasa Sunda
Waktu : 90 Menit

Hari,Tanggal : Jum'at, 05 Desember 2025
Kelas : X (Sepuluh)

PETUNJUK Pengerjaan

1. Isikan identitas anda dalam format lembar jawaban dengan teliti dan benar
2. Tersedia waktu 90 menit untuk mengerjakan paket soal ini
3. Periksa naskah soal yang anda terima, apabila halamannya tidak lengkap minta ganti pada pengawas ruang ujian
4. Baca dan pahami dengan baik pernyataan atau soal sebelum anda menjawab
5. Periksa pekerjaan anda sebelum diserahkan Kepada pengawas ujian

I. Pilihan Ganda (PG)

Pilihlah salah satu jawaban yang paling tepat dengan memberi tanda silang (X) pilihan a, b, c, d atau e pada lembar jawaban yang disediakan!

1. Nepikeun omongan di hareupeun balaréa sarta mikabutuh kaparigelan (seni nyarita), disebut
 - a. pantun
 - b. déklamasi
 - c. sajak
 - d. biantara
 - e. sajak éfik
2. Struktur biantara di mimitian ku nepikeun salam pamuka, bisa ku *Assalamu'alaikum* atawa ku salam kawilujeungan, aya ogé anu sok ditambahan ku sampurasun, disebut
 - a. mukadimah
 - b. salam pamuka
 - c. bubuka
 - d. eusi
 - e. panutup
3. Bagian anu ngadadarkeun saniskara maksud nu biantara, disebut
 - a. mukadimah
 - b. salam pamuka
 - c. bubuka
 - d. eusi
 - e. panutup
4. Bagian anu biasana ngawengku sanduk-sanduk bisi salila cacarita aya kekecapan anu salah atawa teu merenah, tuluy ditema ku ngahaturkeun nuhun ka hadirin anu geus saregep ngabandungan biantara, disebut ...
 - a. mukadimah
 - b. salam pamuka
 - c. Bubuka
 - d. eusi
 - e. panutup
5. *Sadaya puji kagungan Alloh anu murbeng alam. Solawat sinareng salam mug di limpahkeun ka jungjunan urang sadaya, Nabi Muhammad saw.*
Sasauran diluhur mangrupikeun kaasup kana
 - a. mukadimah
 - b. salam pamuka
 - c. Bubuka
 - d. eusi
 - e. panutup
6. *Dinten ieu teh kalintang bagjana kanggo sim kuring sadaya. Oge janten dinten anu kalintang pikaseudiheunanan. Bagja wireh sim kuring sadaya tiasa lulus, sedih da apan sim kuring sadaya kedah ngarantunkeun ieu sakola, ogé ngantunkeun Ibu sareng Bapa Guru jst.*
Sasauran diluhur mangrupikeun kaasup kana
 - a. mukadimah
 - b. salam pamuka
 - c. Bubuka
 - d. eusi
 - e. panutup
7. Dihandap ieu mangrupikeun **anu teu kaasup** faktor anu ngalantarankeun biantara hiji jalma dipikaresep ku balaréa, disebut
 - a. tatag nyaritana
 - b. aktual témana
 - c. munel eusina
 - d. goréng basana
 - e. ngandung wirahma
8. Dina nepikeun biantara téh urang kudu nyarita bari tatag atawa tétéla henteu kararagok atawa loba ngarandeg, disebut
 - a. tatag nyaritana
 - b. aktual témana
 - c. munel eusina
 - d. goreng basana
 - e. ngandung wirahma

9. Téma biantara nu ku urang ditepikeun teh kudu aktual lain tema-tema nu geus basi, disebut
- tatag nyaritana
 - aktual témana
 - munel eusina
 - goreng basana
 - ngandung wirahma
10. Biantara nu ditepikeun ku urang teh eusina loba pulunganeunana atawa loba mangpaatna, disebut
- tatag nyaritana
 - aktual témana
 - munel eusina
 - goréng basana
 - ngandung wirahma
11. Dina biantara téh omongan urang kudu diatur gancang kendorna, tarik halonna, atawa luhur handapna tur maké lentong anu hadé, disebut
- tatag nyaritana
 - aktual témana
 - munel eusina
 - goreng basana
 - ngandung wirahma
12. Ngawangkong, ngobrol, atawa obrolan antara dua jalma/ lewih, nyaéta
- paguneman
 - ngobrol bébas
 - Golempang
 - tepak tilu
 - kalawarta
13. “Pa, neda widi badé ... heula, hoyong kahampangan!”
- ka tukang
 - ka payun
 - ka paengker
 - ka warung
 - ka hareup
14. Dinten jumaah kamari Pun Aki ... di Rumah Sakit Hasan Sadikin Bandung.
- paéh
 - Palastra
 - Perlaya
 - maot
 - pupus
15. “Pa, neda widi abdi ka Koperasi heula badé ... pulpen!”
- meuli
 - Jajan
 - Mésér
 - nganjuk
 - ngagaleuh
16. Sing tarik atuh nyarita téh ngarah
- didéngé
 - Ngadéngé
 - didéngékeun
 - ngadéngékeun
 - kadéngé
17. “.... Pa guru énjing ulangan bahasa sunda.”
Kecap anu luyu jeung undak usuk basa pikeun ngalengkepan kalimah di luhur nyaéta
- ceuk
 - sanggem
 - Saur
 - cenah
 - ngabéjakeun
18. Basa lemes keur kecap “*indung kuring*” nyaéta
- pun ibu
 - pun biang
 - pun mamah
 - pun mimih
 - pun indung
19. Basa lemes keur kecap “*anak anjeun*” nyaéta....
- tuang anak
 - tuang mantu
 - tuang putra
 - tuang rayi
 - tuang raka
20. Dina ngomentaran siaran televisi/radio, basa/kekecapan anu digunakeun dina eta paguneman kagolong kana kecap ragam hormat, dihandap ieu kalimah anu make tatakrama nyaéta....
- kuring geus sumping ka sakola
 - abdi parantos sumping ka sakola
 - abdi parantos dongkap ka sakola
 - pa guru parantos dongkap ka sakola
 - abdi parantos dongkap ka sakola
21. Tulisan atawa lalakon kahirupan pribadi hiji jelema, nyaéta
- biografi
 - otobiografi
 - pupuh
 - guguritan
 - sajak
22. Tulisan atawa lalakon kahirupan pribadi hiji jelema anu ditulisna ku sorangan, nyaéta
- biografi
 - otobiografi
 - Pupuh
 - guguritan
 - sajak

23. Disebut aksara Sunda Kaganga, lantaran
- asalna tina Prasasti Kawali
 - abjadna dimimitian ku lambang ka, ga, jeung nga
 - mangrupa aksara anu dianggap asli Sunda
 - beda jeung aksara sunda cacarakan
 - aksara sunda kaganga beda jeung cara nuliskeun aksara laten
24. Aksara anu ngabogaan sora vokal dina aksara Sunda disebut
- aksara ngalagena
 - konsonan
 - aksara swara
 - aksara hirup
 - aksara vokal
25. Dihandap ieu aya sababaraha aksara anu ampir sarua, anu **teu kaasup** kana aksara anu ampir sarua nyaéta
- ka jeung sa
 - ba jeung nya
 - ja jeung da
 - ha jeung na
 - fa jeung va
26. Rarangken anu gunana pikeun ngarobah vokal /a/jadi/i/ nyaéta
- panghulu
 - Panyecek
 - Panyuku
 - panyiku
 - pamépét
27. Panglayar gunana pikeun
- nambahan konsonan / +r /, nulisna handapeun aksara dasar
 - nambahan konsonan / +r /, nulisna luhureun aksara dasar
 - nambahan konsonan / +r /, nulisna tukangeun aksara dasar
 - nambahan konsonan / +r /, nulisna hareupeun aksara dasar
 - nambahan konsonan / +r /, nulisna gigireun aksara dasar
28. Rarangken anu ditulisna handapeun aksara dasar nyaéta
- pangwisad
 - panéléng
 - panyuku
 - panolong
 - pamépét
29. Paneuleung meh sarua wangunna jeung
- Panéling
 - Pamépét
 - Panolong
 - pamingkal
 - panyuku
30. Anu gunana pikeun ngaleungitkeun sora vokal aksara dasar anu miheulaanana nyaéta
- pangwisad
 - panyiku
 - pamingkal
 - pamaéh
 - pamépét
31. Dongeng téh nyaéta carita rekaan anu ngandung
- pamohalan
 - kanyataan
 - kajadian
 - lalakon
 - latar
32. Dongeng téh kaasup karya balaréa, lantaran
- kanyahoan anu ngarangna
 - teu kanyahoan anu ngarangna
 - sumebar sacara lisan
 - sumebar sacara tulisan
 - sumebar sacara tinulis
33. Anu kaasup kana dongéng sasatoan nyaéta
- sasakala maung panjalu
 - si kabayan ngadeupaan Lincar
 - si kabayan ngala roay
 - cikaracak ninggang batu laun-laun jadi legok
 - si kadang kuya jeung si sakadang monyet
34. Dongéng “Sasakala Tangkuban Parahu” nyaritakeun ngeunaan asal-usul
- hiji barang
 - pacaduan
 - sasatoan
 - tempat
 - tokoh
35. Carita anu dumasar kana kajadian sajarah, para palaku utamana, kajadian pokokna, katut tempatna mah nyoko kana sajarah anu sumebar di hiji masarakat atawa wewengkon, nyaéta
- dongéng sajarah
 - carita sajarah
 - fabél
 - negeri dongéng
 - novel

II. Isian Singkat.

36. Dongéng kuya jeung monyét kaasup kana jenis dongéng
37. Obrolan antara dua jelema atawa leuwih di sebut
38. Nepikeun omongan hareupeun balaréa disebut
39. Aksara sunda kiwari sok disebut
40. Carita rékaan anu ngandung pamohalan disebut

III. Uraian.

41. Sebutkeun faktor-faktor anu kudu aya dina padika biantara?
42. Naon bédana biografi jeung otobiografi!
43. Jelaskeun aksara sunda kaganga téh!
44. Tuliskeun ciri-ciri dongéng?
45. Pék jieun hiji paguneman maké undak usuk basa!



**ASSESMEN SUMATIF AKHIR SEMESTER (ASAS)
MADRASAH ALIYAH PERSIS 165 ARJASARI
TAHUN AJARAN 2025-2026**



Mata Pelajaran : Bahasa Sunda
Waktu : 90 Menit

Hari, Tanggal : Jum'at, 05 Desember 2025
Kelas : XI (Sebelas)

PETUNJUK Pengerjaan

1. Isikan identitas anda dalam format lembar jawaban dengan teliti dan benar
2. Tersedia waktu 90 menit untuk mengerjakan paket soal ini
3. Periksa naskah soal yang anda terima, apabila halamannya tidak lengkap minta ganti pada pengawas ruang ujian
4. Baca dan pahami dengan baik pernyataan atau soal sebelum anda menjawab
5. Periksa pekerjaan anda sebelum diserahkan kepada pengawas ujian

I. Pilihan Ganda (PG)

Pilihlah salah satu jawaban yang paling tepat dengan memberi tanda silang (X) pilihan a, b, c, d atau e pada lembar jawaban yang disediakan!

1. "Cingciripit"

*Cingciripit,
Tulang bajing kacapit,
Kacapit ku bulu pare,
Bulu pare memencosna*

Bacaan diluhur mangrupikeun ka asup kana

- | | |
|--------------|------------------|
| a. kawih | d. jazz |
| b. kakawihan | e. Rock and roll |
| c. tembang | |

2. *És Lilin*

*És lilin mah ceuceu dikalapaan
Raosna mah geuningan kabina-bina
Abdi alim dunungan paduduaan
Sok sieun mah dibantun kamana-mana*

manat nu nyampak tina sempalan kawih di luhur nya éta

- | | |
|---|--|
| a. wanoja jeung jajaka kudu mindeng paduduaan | d. wanoja jeung jajaka waktu bobogohan paduduaan |
| b. wanoja jeung jajaka sieun dibantun kamana-mana | e. wanoja jeung jajaka ulah mindeng paduduaan |
| c. wanoja jeung jajaka sieun paduduaan | |

3. Pék ilo tembang jeung kakawihan di handap ieu!

Tembang	Kakawihan
<i>Aya warung sisi jalan ramé pisan, citaméng Awéwéna luwas luwis geulis pisan, ngagoréng Lalakina-lalakina Los ka pipir nyoo monyét, nyanggéréng</i>	<i>Cingciripit tulang bajing kacapit Kacapit ku bulu paré Bulu pare seuseukeutna Jol pa dalang mawa wayang Jrék jrék nong</i>

Ningali conto di luhur, bédana tembang jeung kakawihan nya éta

- | | |
|---|---|
| a. kakawihan boga wirahma nu geus tangtu | d. tembang digunakeun dina kaulinan barudak |
| b. kakawihan digunakeun dina kaulinan barudak | e. tembang teu kabeungkeut ku aturan |
| c. kakawihan kabeungkeut ku aturan | |

4. **Papatong**

*Beurang maju ka lohor
Papatong nu konéng eunteup na regang
Ngageter jangjangna keur ngagupayan
Pancén keur wasiatan
Soré méngkol ka Ashar
Papatong nu konéng hiber teu luhur
Ngalayang ngawahan arék pamitan
Poma tong ka jongjonan*

Conto di luhur téh kaasup kana pop Sunda. Dumasar sempalan di luhur, salasihiji ciri pop Sunda téh nya éta

- | | |
|------------------------------|-----------------------------|
| a. digunakeun dina kaulinan | d. ngagunakeun basa sapopoé |
| b. digunakeun pikeun hiburan | e. teu kauger ku guru lagu |
| c. kauger ku guru wilangan | |

5. Tengetan rumpaka kawih di handap!

*Dina amparan sajadah
Abdi sumujud pasrah
Diri nu lamokot ku dosa
Nyanggakeun sadaya-daya
 Dina amparan sajadah
 Abdi sumujud pasrah
 Mundut pangampura Gusti
 Ya Allah Robbul Izzati
Taya deui panglumpatan
Taya deui pamuntangan
Mung Allah Pangéran abdi
Pangéran anu sajati.*

Eusi dina rumpaka kawih di luhur nya éta

- a. nyaritakeun jalma anu lamokot ku dosa
- b. taya deui panglumpatan
- c. jalma nu keur mundut pangampura
- d. jalma nu ngamparkeun sajadah
- e. jadi jalma kudu pasrah sumerah

6. Tengetan sempalan rumpaka kawih di handap!

*Jang,
Hirup téh teu gampang
Teu cukup ku dipikiran
Bari kudu dilakonon
Jang,
Jalan kahirupan
Henteu sapanjangna datar
Aya mudun jeung tanjakan
Kudu sabar dina kurang
Ulah nepak dada beunghar
Salawasna kudu syukur
Éling ka Nu Maha Agung
Kadé hidep bisi kufur*

Tokoh nu aya dina rumpaka kawih di luhur nya éta

- a. guru nu keur ngajar
- b. kolot nu keur mamatahan ka anak
- c. polisi nu keur nyarita ka babaturanana
- d. kolot nu keur nyarékan ka budakna
- e. pamajikan nu keur nyarita ka salakina

7. **Colenak**

*Urang tuang colenak
Raos seger matak sehat kana awak
Pangaosna cukup ku sapuluh perak
Moal rugi ngaluarkeun eusi pesak*

Rumpaka kawih diluhur teh nyaritakeun

- a. katuangan urang sunda tina peuyeum sampeu bungbuahan
- b. nembongkeun eusi kaayan leuweung
- c. nataan ngaran-ngaran bungbuahan
- d. rupa-rupa dandaunan jeung sasatoan
- e. sarupaning bungbuahan

8. *Bulan nu ngagantung, tinggal sapasi sésa purnama kamari*

Kecap sapasi biasana dipaké kana dahareun nu dipotongan sedengkeun kecap sésa dipaké keur dahareun anu teu béak atawa duit sésa balanja. Nilik kana harti éta, kalimah di luhur ngagunakeun gaya basa

- a. ngumpamakeun (metafora)
- b. mijalma (personifikasi)
- c. rarahulan (hiperbola)
- d. rautan (eufimismeu)
- e. ngasor (litotés)

9. *Itu saha dunungan nu nungtun munding
Digantelan geuning ku saputangan
Itu saha dunungan nu ginding teuing
Sing horeng mah aduh geuning jungjunan*

Sempalan rumpaka kawih di luhur teh diwangun ku opat padalisan, padalisan kahiji jeung kadua disebutna

- a. cangkang
- b. eusi
- c. rasa
- d. nada
- e. Sikep

10. *Sabilulungan*

Sabilulungan dasar gotong royong

Sabilulungan dasar silih rojong

Sabilulungan genteng ulah potong

Sabilulungan persatuan tembong

Dina sempalan kawih di luhur, dihaleuangkeunna kudu maké sikep

- a. sedih
b. sumanget
c. bungah
d. ambek
e. teugeug
11. Karya sastra wangun puisi anu imajinatif, basa anu dipake umumna padet jeung singget tur sifatna konotatif sarta ngandung harti injeuman, nya éta
- a. sajak
b. guguritan
c. pupuh
d. pantun
e. purwakanti laras wekas
12. Sajak anu ngagambarkeun rasa panyajakna atawa ngebrehkeun pikiran jeung rasa pribadi panyajakna tur sifat na leuwih subjektif, nya éta
- a. pantun
b. deklamasi
c. sajak
d. sajak lirik
e. sajak épik
13. Sajak anu sifat na ngadadarkeun hiji carita atawa kajadian, sarta biasana eusina teh ngawangun carita kapahlawanan anu aya patalina jeung legenda, kapercayaan atawa sajarah, di sebut
- a. pantun
b. deklamasi
c. sajak
d. sajak lirik
e. sajak épik
14. kagiatan seni anu ngebrehkeun atawa ngaékspresikeun hiji sajak ka paregep nu di barengan ku gerak, pasemon, jeung sajabana, disebut
- a. pantun
b. Deklamasi
c. Sajak
d. sajak lirik
e. sajak épik
15. Baca sajak ieu di handap!

SAWAH

Ku Sayudi

Keprak deui!

Keprak deui!

Piit ngawih usum sugih

Meber jangjang hirup manjang

Nyai sri dihias emas

Dtiung layung

Diampar jagat

Keprak deui

Keprak deui

Di ranggon emok sidenok

Bawana parancah tamba

Sieuh manuk mangka euweuh

Singlar begal mangka anggung

Sawah kula talang nyawa

Maculan dicongo gobang

Disiraman cai kesang

Ngbinihan taroh pati

Pare mulus lega dada

Hate bapa bapa mega

Kurulung angklung poe panen

Suasana naon nu ka untkab tina sajak diluhur!

- a. bungah mangsa panen,pare koneng mayakapak di sawah.
b. rame,loba jelema mangsa panen di sawah.
c. capé molahkeun sawah,kesang ngucur saawak-awak.
d. keuheul,manuk nganganggu ka nu keur macul.
e. sieun paré béak ku manuk

16. "sawah kula talanag nyawa, maculan dicongo gobang, disiraman cai kesang"

Harti nu pangmerenahna tina ungkara dina sajak diluhur, sawah téh sumber kahirupan

- a. ngolahna pinuh kuancaman
- b. ngolahna maké ku pakarang
- c. nolahna gé capé pisan
- d. ngolahna maké perjuangan
- e. ngolahna maké gobang

17. Dihandap ieu mangrupikeun anu teu kaasup léngkah-léngkah nalika rék ngarang sajak, nyaéta

- a. nangtukeun téma, nangtukeun rasa atawa suasana, gunakeun imaji, gunakeun simbul atawa perlambang, ngarakit kecap.
- b. nangtukeun rasa atawa suasana, gunakeun imaji, gunakeun simbul atawa perlambang, ngarakit kecap, nangtukeun tema.
- c. nangtukeun téma, nangtukeun rasa atawa suasana, gunakeun imaji, ngarakit kecap, gunakeun simbul atawa perlambang.
- d. nangtukeun rasa atawa suasana, gunakeun imaji, ngarakit kecap, gunakeun simbul atawa perlambang, nangtukeun tema, ngarakit kecap.
- e. Gunakeun imaji, nangtukeun tema, ngarakit kecap, gunakeun simbul atawa perlambang

18. **CADAS PANGERAN**

*Ginggeung Nusa Jawa ku gidirna Mas Galak
Curukna ngagurat ti Anyer ka Banyuwangi
Saciduh kudu metu ngembat jalan kebat
Ngagurat warna getih ti Anyer ka Banyuwangi*

Jejer sajak di luhur téh nya éta

- a. kapahlawanan
- b. atikan budi
- c. silih asih
- d. kaayaan sosial
- e. kaayaan ekonomi

19. Dalem Sumedang wani ngabantah Mas Bantah Mas Galak pikeun ngabéla

- a. walanda
- b. pamarentah
- c. dulurna
- d. rahayatna
- e. indungna

20. *Ayem putu Geusan Ulun*

Kaula Surianagara

Nu geus ngalalana ka congkar getih

Leuwih hadé mandi getih nguyup getih

Manan migawé nu teu sapuk jeung lelembutan

Bagian di luhur téh némbongkeun sikep Pangéran Kornél anu

- a. wani narohkeun pati pikeun ngabéla bebeneran
- b. taya kawani pikeun ngabéla bebeneran
- c. bébéakan ngabéla pamaréntah
- d. wani narohkeun pati pikeun ngabéla penjajah
- e. wani narohkeun hirup pikeun ngabela pamaréntah

21. Dina hiji waktu hidep kungsi ngabandungan barudak keur arulin di buruan. Heg aya salasahiji budak nu labuh. Tuluy éta suku budak téh diusapan ku kolotna bari jajampéan. Nu kitu disebut na

- a. mantra
- b. puisi
- c. sajak
- d. sisindiran
- e. kakawihan

22. *jampé-jampé harupat*

Geura gedé geura lumpat

Tuh bangkongna luncat

Sing jagjag tur waringkas

Karya satra diluhur ka asup kana

- a. mantra
- b. puisi
- c. sajak
- d. sisindiran
- e. kakawihan

23. *Bismillah*

Otak éncér lir paser jamparing

Panon seukeut lir panon heulang

Haté ngagebray caang lir srangéngé
Biwir matuh saciduh metu saucap nyata
Bray paningal pinuh ninditu ka awaking

Mantra di luhur mangrupakeun ka asup kana

- a. jampé budak harééng
- b. jampé ngarah calakan
- c. jampé raheut/kakeureut/kakadék
- d. jampé néangan rejeki
- e. jampé indit-inditan

24. *Bismillahirrahmaanirrahiim*
Aki karonyok kosong
Nini karonyok kosong
Pangosongkeun jalan aing
Weuh weuh weuh

Mantra di luhur mangrupakeun ka asup kana

- a. jampé budak harééng
- b. jampé ngarah calakan
- c. jampé raheut/kakeureut/kakadék
- d. jampé néangan rejeki
- e. jampé indit-inditan

25. *Brul kebul ngajadi*
Nu nyangkérok di balong
Nu ngagéboy di ulekan
Sang Ratu émut putih
Mangka kumpul sing ngajadi bibit
Kun fayakun

Mantra di luhur mangrupakeun ka asup kana

- a. jampé budak harééng
- b. jampé ngarah calakan
- c. jampé raheut/kakeureut/kakadék
- d. jampé néangan rejeki
- e. jampé indit-inditan

26. *Bismillahirrahmaanirrahiim*
Prot putih sangkana jadi
Ciduh aing nu teu matak metu
Kasurung ku daging jadi
Pet rapet ku kersaning Allah

Mantra di luhur mangrupakeun ka asup kana

- a. jampé budak harééng
- b. jampé ngarah calakan
- c. jampé raheut/kakeureut/kakadék
- d. jampé néangan rejeki
- e. jampé indit-inditan

27. *Jampé-jampé kararas*
Geura gedé geura waras
Hirup ka Gustina
Waras ku Allahna
Rep sirep
Tiis peuting
Genah ti beurang

Mantra di luhur mangrupakeun ka asup kana

- a. jampé budak harééng
- b. jampé ngarah calakan
- c. jampé raheut/kakeureut/kakadék
- d. jampé néangan rejeki
- e. jampé indit-inditan

28. Di handap ieu mangrupakeun anu teu kaasup jenis-jenis mantra, nyaéta

- a. jangjawokan
- b. asihan
- c. papasingan
- d. ajian
- e. singlar

29. Dipapatkeun pikeun ngawasa sukma nu lian, anu dipikacinta, sangkan bogoheun jeung sangkan pinunjul kakasépanana atawa kageulisananan, nepi ka saréréa padaasih, padanyaah, padaresep disebut

- a. jangjawokan
- b. asihan
- c. papasingan
- d. ajian
- e. singlar

30. Dipapatkeun pikeun ngadatangkeun kakuatan, kabedasan, meunang karahayuan jiwa, raga jeung pakaya, gedé kawani, ludeungan, henteu keuna ku rupa-rupa balai jeung wisaya, disebut
- jangjawokan
 - asihan
 - papasingan
 - ajian
 - singlar

31. Karangan rékaan dina wangun lancar (prosa fiksi) anu panjang tur alus caritana ngarancabang (kompleks) disebut
- hikayat
 - cartibag
 - carpon
 - dongéng
 - novel

32. Titénan sempalan novel di handap ieu!

....

"naon janggala téh, Bah?"

"Heueuh, seuseukeut tumbak téh ngaranna janggala," témbal bapa kukutna.

"Naha mani sarua pisan jeung ngaran lembur urang," Demung rada kerung.

"Heueuh, pan lahar lembur urang téh méncos siga saseukeut tumbak. Geura pék ku ilaing tengetan. Mimitina tina gulampéng lebah kebon mang Wikanta. Terus ayeuna ka dieu tina lebah dapuran kawung anu rembet, geuning waktu silaing dipuak sigung téa, pan ka dieu lempeng. Ti kidul lempeng, ti kalér lempeng, nérosna ka lebah lahan anu dipaké imah urang. Tuh, pan siga seuseukeut tumbak, nya?"

"Jadi urang téh cicing dina tungtungna nya, Bah?"

"Heueuh. Tah, geuning silaing ngarti,"

Demung ngahuleung. Teu lila pok nyarita deui, "Bah, alus henteu lamun ngaran uing jadi Demung Janggala?"

"Kuma karep silaing," témbal bapa kukutna.

Dimana lumangsungna éta kajadian dina sempelan novel di luhur téh

- lembur Demung Janggala
 - di wétaneun imah Demung Janggala
 - di kuloneun imah Demung Janggala
 - lelempeng imah Demung Janggala
 - imah Demung Janggala
33. Titenan sempalan novel di handap ieu!

"Naha bet nyabit-nyabit waé Margarét? Pras mah geus teu aya hubungan nanaon deui jeung manéhna téh. rin kedah terang, Margarét mah carita lawas nu geus laas!". Najan nyaritana tandes, kuring teu gancang percaya kitu waé. Sabab, haté jelema mah kapan jero alah batan sagara nu pangjerona.

"Jelas, Rin?" Tanya manéhna, sabada nempo kuring ngahuleng salila-lila.

Amanat nu kagambar dina sempalan novel di luhur nya éta

- ulah gancang percaya ka jelema, saméméh aya bukti anu geus pasti
- jadi jelema kudu bisa ngahampura kasalahan batur
- taya nu bisa ningali haté jelema sabab haté jelema jero siga sagara
- haté jelema teu bisa ditingali ku mata tapi kudu diteleman ku mata haté
- ulah cangcaya ka batur, tapi kudu gampang percaya

34.

Ti dinya kusiwel Nyi Dampi nyokot potrét Aom Usman tina pésak baju; sor disodorkeun ka Nyi Rapih, bari luak lieuk ka tukang bisi aya nu ngawaskeun. Ku Nyi Rapih ditampunan bari imut, tuluy diilikan, didangdak-déngdék. Ngomong jero atina, "Emh, sok komo teuing buktina, potrétna sakieu kasépna, surup jadi putra ménak. Nya ieu lalaki nu matak ngagélokeun awéwé téh."

....

Judul tingkesan novel di luhur, nyaéta

- panganten
- manéhna
- potret (baruang ka nu ngarora)
- pipisahan
- patepung di Bandung

35. Aom Usman anu eunggeus megatkeun Nyi Rapih jeung Ujang Kusén, tuluy Nyi Rapih di wayuh, Aom Usman kawin deui jeung nu sadarajat jeung manéhna nyaéta Agan Suriningrat, lantaran kolot Aom Usman teu satuju lamun Aom Usman teu kawin jeung anu sadarajat. Ari si Ujang Kusén prustasi lantaran ninggali Nyi Rapih dikawin ku Aom Usman, Ujang Kusén tidinya sok gunta-ganti pamajikan, lantaran ngarasa eweuh nu leuwih ti Nyi Rapih, Ujang Kusén sok judi, mabok, pokona mah béda jeung Ujang Kusén basa jadi salaki Nyi Rapih, ahirna Ujang Kusén dibuang ka Surabaya kusabab dituding maling duit, duit éta téh dipaké jang judi deui.

Tingkesan téks di luhur kaasup kana karya prosa rékaan. Novel nu munggaran medal di tatar Sunda, nyaéta

- arca
- baruang ka nu ngarora
- bentang lapang
- mantri jero
- srangéngé suruf mantén

II. Isian Singkat.

36 ...

Ku sabab dukun gagal, Si Lamsijan ngumbara ka mama yai, kiai anu daékeun nulungan, Si Lamsijan manéhna lain ku lantaran bogoh ku kageulisan si Amoy hungkul tapi hayang Si Amoy téh asup muslimah. Tapi Si Lamsijan kalah kawin ka Si Cepleu éta lantaran salah sasaran nu sarua goréng patutna. Indungna Si Lamsijan haténa kabeuli lantaran Si Cepleu rajin mantuan gawé sapopoé.

...

Tokoh utama anu kapanggih di luhur, nyaéta

37. *Hiji mangsa si Dirun ngarasa dosa jeung hanjakal kanu jadi kolot lantaran manéhna sok ngabohongan waé kanu jadi kolot, pas manéhna kanyahoan judi ku kolotna sabab arloji anu paméré bapana di jual jeung duitna di paké judi, tah ku bapana ka nyahoan yén si Dirun beuki judi, tidinya si Dirun dicarékan bébéakan, terus manéhna janji ka kolotna yén manéhna moal bangor bangor deui. Ti harita si Dirun jadi budak bageur tur soléh nu nurut ka kolot jeung jadi budak pinter.*

Amanat nu hayang ditepikeun tina éta tingkesan téks novel, nyaéta

38. Tingali pedaran di handap ieu!
- 1) nyaritakeun kahirupan sapopoé
 - 2) caritana teu leuwih ti lima kaca
 - 3) galur caritana atawa plot ngarancabang (loba)
 - 4) umumna panjang, henteu pondok kawas carpon
 - 5) midangkeun rupa-rupa tokoh (palaku), kajadian, sarta laluasa medar karakter tokohna

Tina pedaran di luhur, **nu teu ka kaasup** ciri-ciri novel nyaéta

39. **Anu heunteu** kaasup kana ciri-ciri novel, nyaéta
40. Puseur sawangan ngandung harti (ku saha) dicaritakeunana éta karangan atawa titik caturan disebut

III. Uraian.

41. Pék tuliskeun hiji bait kawih anu ku hideup ka uninga!
42. Naon bedana kawih, tembang jeung kakawihan!
43. Naon ari sajak téh?
44. Ceuk pamanggih hidep kumaha hukum mantra hayang jadi jelema sakti dina islam, pék jelaskeun!
45. Naon ari novel téh?



ASSESMEN SUMATIF AKHIR SEMESTER (ASAS)
MADRASAH ALIYAH PERSIS 165 ARJASARI
TAHUN AJARAN 2025-2026



Mata Pelajaran : Bahasa Sunda
Waktu : 90 Menit

Hari,Tanggal : Jum'at, 05 Desember 2025
Kelas : XII (Dua Belas)

PETUNJUK Pengerjaan

1. Isikan identitas anda dalam format lembar jawaban dengan teliti dan benar
2. Tersedia waktu 90 menit untuk mengerjakan paket soal ini
3. Periksa naskah soal yang anda terima, apabila halamannya tidak lengkap minta ganti pada pengawas ruang ujian
4. Baca dan pahami dengan baik pernyataan atau soal sebelum anda menjawab
5. Periksa pekerjaan anda sebelum diserahkan Kepada pengawas ujian

I. Pilihan Ganda (PG)

Pilihlah salah satu jawaban yang paling tepat dengan memberi tanda silang (X) pilihan a, b, c, d atau e pada lembar jawaban yang disediakan!

1. Karangan panjang lantaran suasana carita anu beda-beda tur ngagunakeun patokan pupuh, lebah midangkeunana sok dibaca heula tuluy ditembangkeun (dibelukkeun) disebut
 - a. wacana
 - b. wawacan
 - c. carita pantun
 - d. sajak
 - e. pupuh
2. Wawacan Panji Wulung ngagunakeun pupuh
 - a. asmarandana, kinanti, pangkur
 - b. kinanti, balakbak, asmarandana
 - c. pangkur, asmarandana, Balakbak
 - d. balakbak, kinanti, sinom
 - e. sinom, balakbak, kinanti
3. Karya sastra wangun wawacan umumna ngabogaan unsur struktur anu maneuh, nya éta
 - a. manggalasastra (alofon), eusi, panutup (kolofon)
 - b. eusi, panutup (kolofon), pangkur
 - c. balakbak, magalasastra (alofon), pangkur
 - d. asmarandana, eusi, panutup (kolofon)
 - e. kinanti, panutup (kolofon), eusi
4. Eusina sanduk-sanduk papalaku (ménta idin) ka Nu Maha Kawasa jeung ka karuhun, sarta ménta panghampura kana kahéngkérana nu nulis atawa nu nyusun éta wawacan, disebut
 - a. manggalasastra (alofon)
 - b. eusi
 - c. panutup (kolofon)
 - d. pangkur
 - e. asmarandana
5. *Kasmaran kaulamuji,
Ka Gusti Ajawajala,
Nu murah ka makhluk kabéh,
Jeung muji utusanana,
Kanjeng Nabi Muhammad,
Nyaéta Nabi panutup,
Miwah muji sahabatna*

Di luhur mangrupikeun conto bagéan unsur wawacan, nyaéta

 - a. manggalasastra (alofon)
 - b. eusi
 - c. panutup (kolofon)
 - d. pangkur
 - e. asmarandana
6. *Tamatna kaula ngarang,
Pukul tujuh malem kemis,
Di tanggal tujuh welasna,
Kaleresan bulan april,
Taun Kangjeng Maséhi,
Saréwu dalapan ratus,
Jeunggenep puluh dua,
Marengan hijrahna Nabi,
Saréwu dua ratus tujuh puluh dalapan*

Di luhur mangrupikeun conto bagéan unsur wawacan, nyaéta

 - a. manggalasastra (alofon)
 - b. eusi
 - c. panutup (kolofon)
 - d. pangkur
 - e. asmarandana

7. Titénan tingkesan carita Wawacan Panji Wulung pikeun ngeusian nomor 7-8!

Kacaturkeun nagara Sokadana, anu kaceluk réa ketan réa keton, sugih dunya taya kakurang, sarta rajana sabar adil palamarta. Ngaran rajana Déwakésuari. Anjeunna kacida miasihna ka Tunjungsari nu keur kakandungan, selir nu asalna ti Balangbangan.

Ku hal éta, pramésuari langkung-langkung ijidna ka éta selir, sarta sakongkol jeung Ajar Guna Wisésa pikeun ngusir Tunjungsari ti karaton. Ajar nyaurkeun ka Raja yén selir téh geus ngalampahkeun jinah jeung salah saurang pangiringna nu ngaranna Panolih. Puguh baé Raja téh bendu sarta maréntahkeun sangkan Tunjungsari katut Panolih dihukum pati. Anjeunna miwarang Patih Lembu Jayéng Pati pikeun nelasan Tunjungsari. Tapi patih teu tégaeun pikeun nelasan Tunjungsari. Batan dipaéhan mah, Tunjungsari téh kalah tuluy disingkurkeun ka hiji lembur, sarta nitah Panolih sangkan indit jauh kaluar ti wewengkon Sokadana. Patih mulang deui ka nagara bari mawa daun ceuli nu dikeureut ku manéhna tina mayit tahanan dipanjara keur bukti. Raja percayaeun yén éta téh ceuli Tunjungsari sarta yakin selirna geus ditelasan.

Tina tingkesan carita wawacan Panji Wulung di luhur, anu jadi raja di nagara Sokadana nyaéta

- a. Patih Lembu Jayéng Pati
 - b. Tunjungsari
 - c. Pramésuari
 - d. Déwakésuari
 - e. Guna Wisésa
8. Tina tingkesan carita di luhur watak Pramésuari téh nyaéta
- a. boga laku lampah anu hadé pikeun ngusir selir Tunjungsari ti Karaton
 - b. boga laku lampah anu hadé pikeun mikanyaah ka selir
 - c. haré-haré ka Ajar Guna Wisésa da puguh ngan saukur patih
 - d. mikacinta ka raja jeung karahayana
 - e. boga laku lampah anu goréng pikeun ngusir selir Tunjungsari ti Karaton

9. Wawacan Babad Galuh Asal-Usul Ngaran Kawali

Pangkur

...

Nyai Ujung Sekarjingga, didangdanan beuteungna maké kawali, jiga nu reuneuh nyemplu, dicandak ka payunan, disandingkeun calikna deukeut ka ratu, kocap Ajar Patih datang, geus aya payuneun gusti.

Lajéng Ajar téh haturan, jisim abdi ngahaturkeun pangabakti, éta rupina sakitu, lajéng Ratu mariksa, éta naon geuning kawas rupa daun, pék Ki Ajar téh haturan, reundeu asal ti nu ngirim.

Tina sempalan wawacan di luhur anu judulna babad Galuh asal-usul ngaran Kawali, ngagunakeun pupuh

- a. kinanti
 - b. balakbak
 - c. asmarandana
 - d. mijil
 - e. pangkur
10. Tina sempalan wawacan diluhur, tokoh anu didangdanan beuteungna maké kawali, nyaéta
- a. Ajar Patih
 - b. nyi Ratu
 - c. Raja Sokadana
 - d. Nyai Ujung Sekarjingga
 - e. Ki Ajar

11. *Tadi di pasar Kosambi aya jalma . . . baé ka kuring, paromana haseum, duka naon maksudna mah.*

Kecap anu merenah pikeun ngeusian kalimah di luhur nyaéta

- a. neuteup
 - b. mencrong
 - c. noong
 - d. nempo
 - e. ninggali
12. *Barang kuring . . . tina jandéla, kacida ngarasa kagétna lantaran di jalan réa jalma ngagarimbung.*

Kecap anu merenah pikeun ngeusian kalimah di luhur nyaéta

- a. neuteup
 - b. mencrong
 - c. noong
 - d. nempo
 - e. ninggali
13. *Gawéna ngan . . . baé ka sémah téh kawasna baé asa-asa kawantu geus kolot.*

Kecap anu merenah pikeun ngeusian kalimah di luhur nyaéta

- a. neuteup
- b. mencrong
- c. noong
- d. nempo
- e. ninggali

14. Kinanti

.....

Laju lampah Panji Wulung, diiring ku Jayapati, Ki Janggali Ki Janggala, jeung baturna Jayapati, ngaran Ki Kebo Manggala, kalima Kebo Rarangin.

Turun gunung unggah gunung, nyorang lebak nyukang pasir, ngaliwat kana bubulak, sampalan badak jeung sapi, jauh cunduk anggung datang, sumping damping ka basisir.

Tina tingkesan sempalan wawacan di luhur ngagunakeun pupuh kinanti, guru lagu jeung guru wilanganna anu merenah nyaéta

- a. 8i, 7a, 8a, 7u, 7i, 8u
b. 8u, 8i, 8a, 8i, 8a, 8i
c. 8a, 8i, 8u, 7a, 7i, 8u
d. 7a, 7i, 8a, 8u, 8i, 7i
e. 7a, 8a, 8i, 7u, 7i, 8u
15. Karya sastra Sunda buhun anu dina magelarkeunana umumna sok dipirig make kacapi disebut
a. wacana
b. wawacan
c. carita pantun
d. sajak
e. pupuh
16. Nilik kana alur carita pantun, aya dua golongan nyaeta galur leunjeuran jeung galur simpay. Galur carita anu ngaleunjeur, lempeng. Dina pungkas caritana, anu ngalalakon teh henteu kacatur mulang deui ka nagara asal na, disebut
a. galur leunjeuran
b. galur simpay
c. galur simping
d. galur seni
e. galur pantun
17. Palaku utama téh ahirna bisa mulang deui ka nagara asalna sanggeus ngalalana meunang rupa-rupa dodoja, cocoba, sarta pribadina beuki punjul. Disebut
a. galur leunjeuran
b. galur simpay
c. galur simping
d. galur seni
e. galur pantun
18. **Pék titénan sempalan Carita Pantun Lutung Kasarung di handap ieu!**

.....

Sanggeus dibéré pituduh pijalaneunana, Guru Minda nu geus jadi lutung, turun ka Buana Pancatengah. Gubragna di Nagara Pasirbatang Anu Girang.

Anu ngaheuyeuk dayeuh di Pasirbatang Anu Girang harita nya éta Mas Prabu Ageung Tapa. Praméswarina Nitisuari. Boga anak tujuh awéwé wungkul, ngarana: Purbararang, Purbaéndah, Purbadéwata, Purbakancana, Purbamanik, Purbaleuwih jeung nu bungsu Purbasari, anu panggeulisna.

Ku lantaran geus kolot, Prabu Ageung Tapa ngarasa geus meujeuhna ngécagkeun kalungguhan sarta diteruskeun ku salah saurang anakna. Terus baé Prabu Ageung Tapa téh ngumpulkeun anak-anakna, pikeun nyérénkeun kalungguhanana. Anu kapilih pikeun gaganti anjeunna téh nya éta Purbasari, anakna anu bungsu. Purbararang salaku anak panggedéna ngarasa kaléngkahan ku nu jadi adi. Manéhna ngarasa tugenah.

Tina tingkesan carita pantun di luhur, anu jadi Lutung Kasarung nyaéta

- a. Mas Prabu Ageung Tapa
b. Guru Minda
c. Purbararang
d. Purbaéndah
e. Purbasari
19. Tina tingkesan carita pantun di luhur, anu ngabogaan anak tujuh awéwé wungkul nyaéta
a. Mas Prabu Ageung Tapa
b. Guru Minda
c. Purbararang
d. Purbaéndah
e. Purbasari
20. Di handap ieu sababaraha bagian wangun carita pantun, iwal ti
a. rajah
b. narasi
c. déskripsi
d. dialog
e. prolog
21. Ditembangkeun ku juru pantun samemeh mangkat carita, eusina mangrupa sanduk-sanduk menta idin, menta pangraksa jeung pangriksa ti nu ngageugeuh eta lembur sangkan saralamet, di sebut
a. rajah
b. narasi
c. déskripsi
d. dialog
e. prolog
22. Bagian nyaritakeun ditepikeun dina mangsa juru pantun nyambungkeun hiji kajadian kana kajadian saterusna, teu ditembangkeun angger bae di pirig ku kacapi najan ukur digalantangeun bae oge, di sebut
a. rajah
b. narasi
c. déskripsi
d. dialog
e. prolog
23. Bagean anu ngagambarkeun tingkah paripolah tokoh carita dina hiji kajadian, disebut
a. rajah
b. narasi
c. déskripsi
d. dialog
e. prolog

24. Bagéan anu ngagambarkeun tingkah paripolah tokoh carita dina hiji kajadian, disebut
- | | |
|--------------|-----------|
| a. rajah | d. dialog |
| b. narasi | e. prolog |
| c. déskripsi | |
25. Paguneman antara para palaku, pikeun ngagambarkeun watek atawa karakter palaku, ngalancarkeun jalan carita, sarta nepikeun gagasan-gagasan, disebut
- | | |
|--------------|-----------|
| a. rajah | d. dialog |
| b. narasi | e. prolog |
| c. déskripsi | |

26. *Bul kukus mendung ka manggung,
ka manggung neda papayung, ka déwata neda suka,
ka pohaci neda suci, kuring rék diajar ngidung,
nya ngidung carita pantun, ngahudang carita wayang, nyilokakeun nyukcruk laku,
Bul kukus mendung ka manggung,
ka manggung neda papayung, ka déwata neda suka,
ka pohaci neda suci, kuring rék diajar ngidung,
nya ngidung carita pantun, ngahudang carita wayang, nyilokakeun nyukcruk laku,*

Tina tingkesan conto carita pantun lutung kasarung di luhur ka asup kana

- | | |
|------------------|--------------|
| a. rajah pamuka | d. déskripsi |
| b. rajah panutup | e. monolog |
| c. narasi | |
27. *Caturkeun ratu di manggung, carita di kahyangan. Guru Minda kahyangan, anak déwata cikalna, titisan Guru Hyang Tunggal, seuweu batara di langit, ngabujangga di paradéwata, kasép taya papadana, keur meujeuhkeun teguh cangcut.
Tuluy ngimpi kagungan bébéné, sarupa jeung Sunan Ambu; ngalingling ngadeuleu maling. Enggeus nganggo raksukan, salin jenengan kana Lutung Kasarung; kasarung ku sadulur, kasimpang ku barayana.
Cedok nyembah, indit ngusap birit, angkat ngusap sinjang, bisi kawiwirangan keur ngawula*

Tina tingkesan conto carita pantun lutung kasarung di luhur ka asup kana

- | | |
|------------------|--------------|
| a. rajah pamuka | d. déskripsi |
| b. rajah panutup | e. monolog |
| c. narasi | |

28. *Ludak-lédok diboréhan,
lain teu wuni boboréh,
dipulasan kéler nahun,
nu geulis ngadadak goréng,
hideung batan wadah teuleum,*

Tina tingkesan conto carita pantun lutung kasarung di luhur ka asup kana

- | | |
|------------------|--------------|
| a. rajah pamuka | d. déskripsi |
| b. rajah panutup | e. monolog |
| c. narasi | |

29. *“Adi, sia hayang hirup ta henteu?”
“Tétéh, teu kangkat, teu ngalangkungan mapalang. Mana hirup ku Gustina, mana mawas ku Sang Widi, waluya ti kawasana, teu beunang dipaké kahayang kaembung; ing halé kari kumaha pangersakeun jeneng Si Tétéh”*

Tina tingkesan conto carita pantun lutung kasarung di luhur ka asup kana

- | | |
|------------------|--------------|
| a. rajah pamuka | d. déskripsi |
| b. rajah panutup | e. dialog |
| c. narasi | |

30. *Puun Sapuuuun
Hyang Prabu Wastu
Pangampura anu diseja
Boh bisi langkung nya saur
Boh bisi bahé nya carék
Kami ngan darma mitutur
Lalakon dilalakonkeun*

Tina tingkesan conto carita pantun lutung kasarung di luhur ka asup kana

- | | |
|------------------|--------------|
| a. rajah pamuka | d. déskripsi |
| b. rajah panutup | e. dialog |
| c. narasi | |

31. Hiji karangan faktual (nonfiksi) ngeunaan hiji masalah sacara lengkep, anu panjangna teu tangtu, pikeun dimuat di media massa, nyaéta
- artikel
 - wawacan
 - carita pantun
 - sajak
 - pupuh
32. Di handap ieu mangrupikeun anu **teu kaasup** fungsi kalungguhan jeung kagunaan artikel, nyaéta
- pikeun misahkeun fakta-fakta dina warta kana hiji wengkuan jéntré, tandes, sarta ngeunah dibacana.
 - penerjemah warta dina kalawarta
 - wahana diskusi geusan neangan solusi sarta proses aktualisasi jeung eksistensi diri
 - sarana kontribusi pamikiran pikeun mere solusi kana hiji masalah
 - sarana aktualisasi sakaligus pikeun eksistensi diri
33. Di handap ieu mangrupikeun anu **teu kaasup** kana ciri-ciri artikel, nyaéta
- singget jeung tuntas
 - dipidangkeun dina basa nu hirup, populer, jeung komunikatif
 - ditulis kalayan referensial ku visi nu intelektual
 - teu kudu aya ngaran anu nulisna
 - gagasan nu diangkat dina tulisan kudu patali jeung kapentingan jalma rea
34. Pek titenan sempalan Artikel di handap ieu!

Dihin Pinasti Anyar Pinanggih

Saha nu teu ngangres ningal pirang-pirang jelema jeung sasatoan, ujug-ujug musna kaléléd lambak gangas tsunami. Wawangunan jeung tatangkalan méh rata jeung taneuh. Runtah pasoléngkrah di unggal tempat, ngahunyud di saban juru. Tempat nu tadina éndah jeung asri téh, deudeuh... kiwari ngan kari ruruntuk. Kajadianana wuwuh sakedét nétra éstu teu disangka- sangka. "Kakarénna" ukur nyésakeun rasa ketir jeung watir ku ningali layon 'ngabarugigag' pabalatak di mana- mana. Dihin pinasti anyar pinanggih. Tegesing Alloh parantos mintonkeun kakawasaanana.

Nu saralamet tina gulungan lambak gangas, tingjarerit-tingkarocéak, awor jeung nu maridangdam leungiteun anakna, kitu deui sabalikna. Nini-nini rawah-riwih néangan incu kakasih. Bébéne kalelehan ku beubeureuhna. Randa-randa tingsalegruk micangcam nu jadi salakina. Kokotéténgan, mapay-mapay unggal layon. Dilelekan bari disidikkeun sugan anakna, sugan bapana, sugan indungna jsté. Ngan lolobana lain jeung lain baé. Pon kitu deui, imah katut harta bandana burakrakan, teu kaciri urut-urutna acan. Loba nu bedah cimata, tinglenggerek bakating ku nalangsa. Papakéan ngan kari saraket awak. Pohara ngangresna lantaran lieuk euweuh ragap taya. Cindekna mah loba nu katalangsara, nunggelis pahatu lalis. Henteu sanak henteu kadang, hirup bet jadi nunggul pinang.

Niténan korban tsunami harita nu kacida rohakana, jadi ngangres kabina-bina. Héabna mungguh kebat ka mana-mana. Tina galona watir jeung ketir, bet ngagédéng rasa kaahéng. Kahémeng téh duméh ngabandungan nu tumerapna ka Pulo Simeulue. Nurutkeun data nu maot ngan tujuhna, tina 6.306 jiwa jumlah pangeusina.

Lian ti geus jadi katangtuan, dihin pinasti anyar pinanggih, cék ujaring carita lobana nu saralamet téh satemenna tumali jeung kapercayaan masarakat kana mitos. Mitos téh sumebarna tatalépa sacara turun- tumurun. Wallahu alam kumaha éta mitos téh dikemasna, naha ngaliwatan carita (dongéng), pakeman basa, totondén jsté.

Tina musibah di Acéh jeung Sumut nu pikaketireun, -utamana pasca tsunami- tétéla keur urang mah loba pisan tapakureunana. Hikmah naon nu nyumput disatukangeunana? Bawirasa nyangkarukna wuwuh aya dina haté-haté nu jalembur. Banda sasampiran nyawa gagaduhan. Wallahu alam.

Dede Kosasih Mangle No. 2009

- Anu jadi jejer artikel di luhur téh nyaéta
- nini-nini rawah-riwih
 - tsunami di Acéh
 - korban tsunami kacida rohaka
 - dihin pinasti anyar pinanggih
 - pasca tsunami di Acéh
35. Anu jadi gagasan utama paragraf ka hiji, nyaéta
- saha nu teu ngangres ningal pirang-pirang jelema jeung sasatoan, ujug-ujug musna kaléléd lambak gangas tsunami
 - wawangunan jeung tatangkalan méh rata jeung taneuh. Runtah pasoléngkrah di unggal tempat, ngahunyud di saban juru
 - tempat nu tadina éndah jeung asri téh, deudeuh ... kiwari ngan kari ruruntuk.
 - dihin pinasti anyar pinanggih. Tegesing Alloh parantos mintonkeun kakawasaanana
 - kajadianana wuwuh sakedét nétra éstu teu disangka- sangka.

II. Isian Singkat.

36. Hiji karangan aktual (nonfiksi) ngeunaan hiji masalah sacara lengkep, anu panjangna teu tangtu, pikeun dimuat di media massa disebut
37. Carita anu didangding, ditulis dina wangun puisi pupuh disebut
38. Geus datang kana mangsana dipeuncit, lutung teuing ku ... , hésé ditéwakna.
39. Ka budak nu sok daék ... tangtu moal réa nu resepeun.
40. Ogi, ulah ... di dieu bisi kana kaca! Mun rék ménbal mah mending di luar geura!

III. Uraian.

41. Pék sebutkeun bagian-bagian wangun anu aya dina carita pantun?
42. wawacan panji wulung ngagunakeun pupuh
43. Dudi mah lamun ulin téh jarambah. Pék jelaskeun naon harti jarambah téh?
44. Naon anu dimaksud Déskripsi dina carita pantun?
45. Naon anu dimaksud Déskripsi dina carita pantun?